


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Мæздæги райони станицæ Терскийи гъæусовети цæрæнбунæтти цæргутæ рандæ 'нцæ дзиллонæй. Еци тугъдонтæй сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ 130 адæймаги, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се 'мзæнхонтæ сæ райгурæн гъæуи ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци еумæйаг номерæн цуртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№19 (800) 2021 анзи 28 май – ханси мæйæ

## АХСГИАГ ФАРСТА



### ÆНÆНЕЗ УНМÆ БА НИ КА НÆ БÆЛЛУЙ!..

Сувæллæнтти республикон центрон сæйгæдони æрæги байгон æй консультативон-диагностикон поликлиникæ (æ азгъунст ин уинетæ къари). Аци æхцæуæн хабар агъазиаубæл банимайун æнгъезуй, уомæн æма нури уæнгæ нæ республики сæйгæ сувæллæнттæй хъæбæр берети сæ незихатт бæлвурддæрæй исбæрæг кæнуни æма син гъæугæ хузи фæййагъази туххæй ласун багъæуидæ æндæр регионтæмæ. Нур ба еци еугур гъуддæгутæ нæхемæ республики аразунæн равгитæ фæззиндтæй.

Аци хабар ма уой æвдесæн дæр æй, æма адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади фарстатæмæ нæ республики разамунд фæстаг цалдæр анзей дæргъи уæлдай лæмбунæг æргом æздахуй. Аци ахсгиаг къабази ци агъазиау зæрдæхцæуæн æййивддзийнæдтæ æрцудæй æма нерæнгæ дæр ма цæуй, е бæлвурдæй зундгонд æй нæ еугуремæн дæр. Фал аци къабази хецæндзийнадæ уæхæн æй, æма си æзинæ ци арæзт æрцудæй, е абони фагæ нæбал æй.

Цардиуаги аллибониккон æййивддзийнæдтæмæ гæсгæ си фæззиннуй нæуæг фарстатæ æма уони ба гъæуй æвæстеуатæй райаразун. Уомæ гæсгæ ба уотæ зæгъун æнгъезуй, æма абони нæ республики адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади ма нæмæ ес, æвæстеуатæй бакосун кæбæл гъæуй, берæ уæхæн гъуддæгутæ.

4

## 1 ИЮНИ – СУВÆЛЛÆНТТИ ГЪÆУАЙ КÆНУНИ ÆХСÆНДУЙНЕУОН БОН





### ЦАРДАМОНДÆЙ ХАЙГИН САБИЙТÆ –



### НÆ АДÆМИ АГЪАЗИАУДÆР ФАРНÆ!..





**КОЛИТИ Витали**

### АСЛÆМБЕГМÆ

*(Авдæни зар)*

Цæй, рахуссæ, зæрдтагон,
Минкъий уарзгæ, бæлдтагон.
Задæлески Нана ба –
Дæуæн кæнæд фæлмæн ба.
Фæрæскъæтти Зæппадзæ –
Арвмæ дин дарæд базæн.
Нари Сослан æ тунæй, –
Дæу бахезæд фуд-фунæй.
И Хъалнæгъти Тухæстæг, –
Федар кæнæд дæ истæг.
Фæснæли ба Нæлизæд, –
Царди амонд дин хæссæд.
И Хæнæзи Уацелла, –
Дæ рунтæ дин æууела.
Мæхчески ба Къубус æй,
Зæлдагæ дин къимбусæн.
Гулæри ба Габонæ 'й,
Тагъддæр дæбæл рабон уæд.
Минкъий зæрдæ, минкъий нифс,
Фæлмæн авдæни хуссис.
О, рахуссæ, зæрдтагон,
Мæхе зæрдæ, – бæлдтагон.

**БУДАЙТИ Милуся**

### РАГБОНТÆ

Куд гъазинæ сувæллонæй,
Арæх æй æз имисун.
Догъ кæнинæ раздæронæй,
Фæндæ адтæй устур ун.

Фæгъгъазинæ римæхсæнтæй,
Къозойæй дæр æз гъазтон.
Билæбæл ба – дорæхсæнтæй,
Цæугæдонæй дон хастон.

Куд уаинæ бæгъæнбадæй,
Хъæппæлтæ дæр æхснадтон;
Къолтæбæл ба – тæхгæуадæй,
Цæугæдони æртадтон.

Зумæги ба мæ цонæгъбæл
Устур къолæй ку гурдтæн.
Гъæди къохи бæрзонд рагъбæл
Фиййау дæр æз ку цудтæн.

Кæурæгимæ, нинæгъдзауæн,
Æхсæрæмæ, тæрсдзауæн,
Дзæдурæмæ, муркъæдзауæн –
Зудтон, алци – ци рауæн.

Æнæмæтæ, игъæлдзæгæй
Мæ бонтæ æз æрвистон.
Нур ба, æрмæст е æцæг æй -
Æрмæстдæр ма имисон:

Мæ рагбонтæ нур фæстегæй
– Раздахæн син нæбал ес,
Фал гъеуæддæр – нуредæгæн,
Ку 'нцæ етæ мæ циййес!

***Зундгонд финсæг Михаил ЗАДОРНОВМÆ ес уæхæн загъд: «Абони æзмæнст рæстæг нæ бæлахмæ сайуй. Тæрсун уæ нæ кæнун. Фæндуй мæ, цæмæй адæм сæхе бацæттæ кæнонцæ. Тугъд кенæ бæлах фæззиннуй, адæм æрдзи æгъдæуттæ ку феронх унцæ, уæд... Уоди кæдзосдзийнади бæсти уотид мулки пайдабæл гъуди кæнун ку байдайунцæ...»***




# ÆДАСДЗИЙНАДÆБÆЛ ГЪÆУАМА ЕУМÆЙАГÆЙ АРХАЙÆН...

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** ин разамунд лæвардта, уотемæй адтæй террористон фæззиндтитæ ма ’руадзуни фарстати фæдбæл Республикон къамис æма Оперативон штаби радон æмбурд.

Видеоконференций бастдзийнади фæрци Хецауади иуонгтæ æма æндæр профилон ведомствити разамонгутæ æрдзурдтонцæ терроризми нихмæ профилактикон мадзæлттæ аразун æма информацион кусти фарстатæ нæ республики куд æнхæстгонд цæунцæ, уой фæдбæл. Сæрмагондæй уæлдай бæлвурддæр æргом æздæхт æрцудæй, республики скъолати æдасдзийнади системитæ куд косунцæ, уомæ.

Æмбурди райдайæни Сергей Меняйло бæрнон ведомствити разамонгути æргом раздахта цалдæр ахсгиаг фарстаймæ.

– Тæтæри республики сæйраг сахар Хъазани 11 майи ци æверхъау фидбилиз æрцудæй, е нæуæгæй карзæй æрæвардта ахурадон косæндæнтти æдасдзийнади фарста, – баханхæ кодта е æ радзубандий. – Уавæр куд æвдесуй, уотемæй аци гъуддаги нерæнгæ ма аййеппитæ ес. Уомæй уæлдай, æригæнтти терроризми идеологий тæвагæй багъæуай кæнуни тухххæй ци мадзæлттæ арæзт цæуй, етæ дæр фагæ нæ ’нцæ. Хъазани ци уæззау фудракæндæ арæзт æрцудæй, уой зæрдæбæл даргæй, лæмбунæг рагъуди кæнун æма исбæлвурд кæнун гъæуй багъæуай кæнуни системи фæгъгъомусгиндæр кæнуни фæткитæ.

Терроризми нихмæ архайди Национ комитети разамонæг **Андрей Пржездомский** куд радзурдта, уотемæй террористтæ æма иннæ фудгæнгути фæндитæ æма нисантæ рагацау рабæрæг кæнун зин æй. Еци уавæр лæдæргæй, фарста гъæугæ райаразунæй комкоммæ ихæсгин ка ’й, еци ведомствитæ еугурæйдæр сæ хъауритæ гъæуама бæлвурдæй исаразонцæ, адæм берæгæйттæй кæми фæуунцæ, уæдта æндæр уæхæн тæссаг бунæтти æдасдзийнадæмæ:

– Еугур уæлдæр амунд фарстатæбæл республики бæлвурд куст цæуй. Уой хæццæ, еудадзуг цæстдарди аккаг æй террористон фæззиндтити профилактикæ дæр. Сæрмагонд мадзæлтти фæрци гъæуама рагацау бæрæггонд цæуонцæ, аллихузон æгъдауихæлдтитæ æма фудракæндтитæмæ æмхец ка ’й, адæми уæхæн къуæрттæ, сæ хæццæ гъæуй сæрмагонд куст кæнун. Аци æма иннæ нисантæбæл лæмбунæг æма æмхъаурæй куст ку цæуа, уæд нæ къохи æфтуйдзæнæй гъæугæ бæрæггæнæнтæ.

Ахурадон косæндæнттæ террористон фæззиндтитæй багъæуай кæнуни туххæй ци уæлæнхасæн мадзæлттæ арæзт цæуй, уой тухххæй радзурдта ахурадæ æма науки министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Людмилæ Башарина**. Æ дзубандимæ гæсгæ ахуради объектти террористон фæззиндтитæй æдасдзийнади мадзæлттæ æнхæст кæнунæн еу анзæн гъæуй 185 миллион сомей бæрцæ. Куд ма загъта, уотемæй ахуради косæндæнттæй алкæмидæр исаразтонцæ террористон фæззиндтитæй æдасдзийнади сæрмагонд пълантæ, кæцитæ федаргонд æрцудæнцæ цæстдарæг ведомствити.

Æмбурди архайгутæ æрдзурдтонцæ æндæр ахсгиаг фарстатæбæл дæр, уæдта исфедар кодтонцæ, террористон фæззиндтитæй æдасдзийнади гъуддаг никки ахедгæдæр хузи райаразунæн гъæуама ка фæййагъаз уа, уæхæн унаффитæ.

***Нæ уацхæссæг.***




# «АРАЗУН ГЪÆУЙ ХЕ РАВГИТÆ НÆХЕМÆ ФАГÆ ÆМА ХУÆРЗГЪÆДÆ ХУÆЛЦÆ УАДЗУНÆН!..»

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** æрæги республики агропромышленнон къабази минæвæртти хæццæ ци фембæлд исаразта Алагири районы Хæтæлдони акционерон хæдзарадæ «Мастер-Прайм. Березка»-йи, уоми бæлвурд дзубанди цудæй аци ахсгиаг къабази абониккон уавæри, нури уæнгæ растауйнагæй ци арæзт æрцудæй æма идарддæр уæлдай бæлвурддæр æргом ци гъуддæгутæмæ раздахун гъæуй, уой фæдбæл.

Фембæлди архайгутæ лæмбунæг базонгæ ’нцæ акционерон æхсæнадæ «Мастер-Прайм. Березка»-йи æхсири продукци уадзуни фæлтæрддзийнади хæццæ. Æрзилдæнцæ, гъоцитæ, уæдта уæситæ кæми дарунцæ, еци фермитæбæл, æхсири продукци уадзæг цехтæбæл.

Акционерон æхсæнадæ «Мастер-Прайм. Березка» -йæн бундор æвæрд æрцудæй 2002 анзи. Æ сæйраг архайд баст æй хуари культурити, уæдта «Монбельярд», зæгъæ, Францийæй ласт сторвонси куст кæнуни хæццæ. Нуртæккæ хæдзаради ес фонси 1748 сæри, уой хæццæ, гъоцитæ – 761. Евгъуд анзи кустуати æхсир æрдугътонцæ 4,1 тонни. Æхсæнадæн æхемæ ци æхсири завод ес, уоми алли суткæмæ дæр кустгонд æрцæуй æхсири дууадæс тонни. Æхсирæй ма сæмæ уæлдай ци байзайуй, уой ба сæ бон æй республики базарти уæйæ кæнун. Завод уадзуй æхсири продукций аст æма дууинсæй хузи.

Æмбурди архайгутæ, ку зæгъæн, дзубанди кодтонцæ, агропромышленнон къабази, еумæ райсгæй, уæдта алкæмæн дæр æ хæдзаради ци лухкæнуйнаг фарстатæ ес, уонæбæл, æма сæ гъæугæ хузи райаразуни мадзæлттæбæл.

– Нæ дзубанди абони æй, уæ хæдзарæдтæ размæ ирæзти надбæл цæмæй цæуонцæ, гъомусгиндæр æма никки æнтæстгиндæр уонцæ, уомæн агъази фæрæзнитæ æма мадзæлттæ исбæлвурд кæнун, æма, уæ еци размæцуди уæ размæ ци къулумпидзийнæдтæ æвзура, уони райеуварс кæнунæн æма тухстаг фарстатæ ралух кæнунæн нæмæ ци гæнæнтæ ес, уони фæббæрæг кæнун, – загъта Сергей Меняйло.

Æмбурди архайгутæй алкедæр загъта æ фæндитæ, æ гъудитæ, æ фепайуйнæгтæ. Акционерон хæдзарадæ «Мастер-прайм. Березка»-йи генералон директор **Беккузарти Ларисæ** радзурдта агрохолдингæн æ нæуæг проекти туххæй. Куд загъта, уотемæй сæ зæрди ес, адæймаги бæсти си алли куст дæр роботтæ кæми кæндзæнæнцæ, уæдта, VIP-цихтитæ уадзæн цех кæми уодзæнæй, сторвонси уæхæн кустгæнæг комплекс нæ республики исаразун.

Сæ зæрди ма ес царди рауадзун нæуæг инвестицион проект, кæций нисан æй «Мастер-Прайм. Березка»-йи бундорбæл Уæрæсей Хонсари агъазиаудæр æма хъаурæгиндæр агропромышленнон комплекс исаразун. Проект æнхæстгонд цæудзæнæй дууæ къæпхæнемæй. Фиццаг бал байархайдзæнæнцæ, сторвонси бæрцæ фæффулдæр кæнунбæл роботтæ кæми косдзæнæй, цуппар уæхæн демо-ферми исаразунбæл. Дуккагæй ба, арæзт æрцæудзæнæй æхсиргустгæнæг, уой хæццæ, цихтитæ уадзæг завод. Проект ци хæрзтæ домуй, етæ фæстæмæ раздæхдзæнæнцæ дæс анзей фæсте.

Æ радзубандий Беккузарти Ларисæ куд баханхæ кодта, уотемæй син нури уæнгæ хуарз бастдзийнадæ æма æмгустадæ ес «Россельхозбанк»-и хæццæ. Æ хæццæ арази адтæй æмбурди архайæг, «Россельхозбанк»-и регионалон филиали директор **Георгий Ходоковский** дæр.

Æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Остров-аквакультуры» кæнуй балеркæсалги куст. Æхсæнади бундорæвæрæг Данилæ Дюдневи гъудимæ гæсгæ, Цæгат Иристони гæнæнтæ амонунцæ, еумæ райсгæй, еугур Уæрæсей дæр ци кæсалги куст цæуй, уомæн æ инсæй процентти республики æнхæст кæнун.

– Еумæ еци куст æй нуриккон æмвæзадæбæл райаразуйнаг, – загъта амалгъон. – Нæ кусти нин хуарз агъаз кæнуй Сбербанк.

Æмбурди архайгути гъудитæ æма феппайуйнæгтæ сæ фулдæр адтæнцæ æргом раздахун кæмæ æнгъезуй æма, царди сæ рауадзгæй, зингæ пайда ка æрхæсдзæнæй, уæхæнттæ. Уомæ гæсгæ ба уони бундорбæл гъæуама арæзт æрцæуа агропромышленнон къабази райрæзти надбæл размæцуд фæгъгъомусгиндæр кæнунæн агъазгæнæг хъæппæрестæ.

***Нæ уацхæссæг.***

**Номдзуд революцион æма паддзахадон архайæг, 1924-1927 æнзти Компартий Цæгат Иристони фиццаг секретарь Тæкъоти Алийи фурт Симони райгурдбæл 27 майи æнхæст кæнуй фондз æма авдинсæй анзи (1876-1938).**



МÆХЪИТИ Ладæ



Александр ЗЕНКОВ





ÆРСОЙТИ Геуæрги



Костас ПОПАНДОПУЛО



Дмитрий ГРИЦЕНКО

# УÆЛАХЕЗОНÆЙ РАНÆХСТÆР ÆНЦÆ СÆ ИСОНИБОНИ НАДБÆЛ

***Нæ республики скъоладзаути сæ ахури гъуддагмæ исфæлдистадон цæстингасæй кæсуни нисанеуæгæй нур берæ æнзти дæргъи хестæркъласонти æхсæн арæзт цæуй интеллектуалон-ахурадон конкурс «Анзи рауагъдон». Æрæги Дзæуæгигъæуи бæрæггонд æрцудæнцæ конкурси аци анзи бæрæггæнæнтæ.***

ЗУНДГОНД куд æй, уотемæй хестæркъласонти 'хсæн интеллектуалон-ахурадон конкурс арæзт цæуй ахуради ирæзтæн агъазгæнæг цæгатиристойнаг Фонд «Кредо-знание»-й хъæппæресæй. Аци анз конкурс арæзт æрцудæй авд æма инсæйæймаг хатт.

Конкурси аци анзи бæрæггæнæнтæ исбæлвурд кæнуни фæдбæл Дзæуæгигъæуи разамаунди институти арæзт æрцудæй сæрмагонд мадзал. Архайдта си нæ республики Хецауди Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз**. Аци исфæлдистадон ериси нæуæг уæлахездзаутæн зæрдиагæй райарфæ кæнгæй, е загъта:

– Скъоладзаути ерисæн ес арфгъудигонд æма цæмæдессаг программæ. Уой фæрци ерисгæнгутæ ирдæй равдесунцæ сæ зонундзийнæдтæ алли номинацити. Аци анз конкурси уæлахездзаутæн зæрдиаг арфæ кæнун! Уой хæццæ, арфæ кæнун, уæхæн цæмæдессаг еристæ скъоладзаутæн ка бацæттæ кæнуй, еци фонди косгутæн. Авд æма инсæй анземæ интеллектуалон конкурси сæ хъауритæ бавзурстонцæ берæ искурдиадæгин фæсевæд. Уонæн зонадон ерис зингæ фæййагъаз æй сæ идарддæри ахури, уæдта сæ наукон-кустадон архайди дæр.

Аци анз конкурси уæлахездзаутæ бæрæггонд æрцудæнцæ уæхæн номинацити: «математикæ», «информатикæ», «физикæ», «хими» æма «биологи». Еумæ райсгæй, конкурси уæлахездзаутæбæл нимад æрцудæй Физикон-математикон республикон лицей-интернати 11-аг къласи ахурдзау **Æрсойти Геуæрги**. Дуккаг æма æртиккаг бунæттæ конкурсон къамис исаккаг кодта амунд лицей-интернати 11-аг къласи ахурдзау **Александр Зенков** æма Дзæуæгигъæуи муниципалон лицейи 11-аг къласи ахурдзау **Дмитрий Гриценкойæн**. Конкурси уæлахездзаутæн æма призертæн исаккаг кодтонцæ æхцай призтæ æма дипломтæ. Сæ хуæрзеугутæ син зæрдиаг арфити хæццæ равардта Тускъати Таймораз.

Фонд «Кредо-знание»-й президент **Дзгойти Валерийи** дзубандимæ гæсгæ, скъоладзаутæн аци конкурс агъаз æй сæ хъауритæ ирддæрæй раргом кæнунæн æма сæ зонундзийнæдтæбæл бафтаунæн.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# КУСТМОНДАГ АДÆЙМАГÆН КУСТИТÆЙ НЕЦИ УÆЛДАЙ ЕС?..





**Исонибони ци куст кæнуйнаг æй, уой æхецæн ка æвзаруй, еци фæсевæдæн, æвæдзи, алли бæсти дæр æхе цæстингас ес нуриккон дæсниæдтæмæ.**

**Социологон æрфæрститæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй, зæгъæн, Уæрæсей æма Америки Еугонд Штатти уæлдай хиццагдæртæбæл нимад æнцæ мæнæ ауæхæн дæсниæдтæ. Æрфæрститæ исаразтонцæ: АЕШ (Forbs), Уæрæсей æхсæнадон цæстингас æртасæн Еугуруæрæсеуон центр.**

| АЕШ | УÆРÆСЕ |
|---|---|
| Информацион технологити специалист | Гъæуайгæнæг |
| Программон аналитик | Менеджер |
| Администратор | Пъæлицæйаг |
| Æфсæддон дохтир | Инженер |
| ***Медицинон хуæрæ*** | ***Медицинон хуæрæ*** |
| Офиси косæг | Консультант |
| Контрактти фæдбæл специалист | Кассир |
| Инженер | Инженер-конструктор |
| Кадрти къабази косæг | Бухгалтер |
| Аудитор (финансон косæг) | Дохтир |

# ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Еу гъæуи цæргутæ, дан, аллихузон дæвдтитæ сæмæ æгæр ке исахид æнцæ, уомæ гæсгæ сæрмагондæй хъалагъуртæ байхуæрстонцæ... Фал сæмæ уæддæр дæвдтити хабæрттæ нæ фæмминкъийдæр æнцæ.*

*Уæд бабæй син еу æхсæвæ сæ фонс радавтонцæ, æма гъæубæстæ æмвæдес фæцæнцæ. Давгути æд фонс кæмидæр будури æрахæстонцæ. Æма давгутæ ба разиндтæнцæ хъалагъуртæ сæхуæдтæ...*

*Уæд еу зæронд лæг обауи сæрмæ исхизтæй æма уордигæй дзоруй:*

*– Хуарз адæм, байгъосайтæ мæмæ!..*

*Адæм фæгъгъос æнцæ æма уæд зæронд лæг загъта:*

*– Цæй, нæ хъалагъуртæн хъалагъуртæ байхуæрсæн!..*

Уотæ уæмæ нæ кæсуй, æма еци гъæубæсти уавæри æй абони нæ бæстæ дæр. Паддзахадон есбонадæ хæлæттаг кæнуни æма æндæр уæхæн фудракæндти нихмæ ка гъæуама тох кæна, уæхæн ведомствитæ нæмæ æгæр берæ дæр ма ес. Фал уæддæр еци фудракæндти бæрцæ минкъийдæр нæ кæнунцæ, фал анзæй-анзмæ ирæзунцæ. Фал фулдæр хæттити фудгин разиннунцæ... еци фудракæндти нихмæ ка гъæуама тох кæна, етæ сæхуæдтæ. Уой дæр тæккæ барæуадзæдæр бунæтти бадæг «тохгæнгутæ». Дæнцитæ?.. Цийфæнди газеттæмæ дæр æркæсетæ, æма си иссердзинайтæ уæхæн хабæрттæ. – Цæйбæрцæдæр уæ гъæуæд!..



**Александр ХИНШТЕЙН, Паддзахадон Думи депутат: «Гъулæггагæн, мах дес дæр нæбал кæнæн нæдæр гæртанти бæрцитæбæл, нæдæр ба гæртанесгутæ хецаудзийнади цæйбæрцæбæл бæрзондбадгутæ 'нцæ, уобæл дæр – сæ зудæвналæг къохтæй æрахæссунцæ министрти дæр, губернаторти дæр, инæларти дæр...»**

– Цæбæл дестæ кæнæн? Еци «дессæгтæ æма тæмæстæ» иссæнцæ нæ цардиуаги аллибониккон бæрæггæнæн. Уотæ дæр æнгъæлун æнгъезуй, æма хецаудзийнади бæрнон бунæттæмæ фулдæретæ тундзунцæ, цæмæй син мулкитæ бамбурдтæ кæнунæн агъазиаудæр равгитæ уа. Уæрæсей генпрокуратури нимадмæ гæсгæ, аци анзи æртæ мæйемæ нæ бæсти коррупцион фудракæндти бæрцæ фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, исирæзтæй 18,7% (10 минемæй 11,9 миней уæнгæ). Еци фудракæндтæй сæ рæстæмбес æнцæ – гæртантæ.



**Мишель де МОНТЕНЬ (1533-1592), французаг философ: «Цæрæгойтæмæ ес еу бафæнзуйнаг менеуæг. Зæгъæн, домбай, æндæр домбайæй тæрсгæй, æ цагъар некæд исуодзæнæй, бæх ба – æндæр бæхи цагъар...»**

– Мадта уæд адæймаг уоййасæбæл æгъатир цæмæн æй, æма æхе хузæн исфæлдесонди цæмæн исцагъайраг кæнуй, цæмæн æй гъезæмарæ кæнуй?!

Еци æверхъаудзийнадæ хумæтæг адæймаг нæ абони цардиуаги æхебæл æвзаруй. Æ цагъайраг хъиамæтæн ин хузæнон мизд нæ федунцæ, паддзахади сæрбæлтау ка фæхъхъазауат кодта, уой туххæй нæдæр аккаг пенси ес, нур ба ма ин пенсий рацæуни афонæ фæффæстæдæр кодтонцæ... Уæхæн æвдесæнтæ æгæр берæ дæр ма 'нцæ...



**Дмитрий БЫКОВ, финсæг æма публицист: «Уæрæсей æгæр дæр ма иссæй уæхæн адæймæгути бæрцæ, кæцитæ арæхсунцæ айдагъдæр хъор кæнунмæ, æма син ци кæнгæй, е бустæги æнæлæдæрд æй...»**

Е дæр дин нæ абониккон цардиуаги еума зæрдæмæгургæнæн фæззинд. Ести гъæугæ бæлвурд кусти ка нæ арæхсуй æма хуæрзгæнæг кæмæн фæууй, е уайтæккæ равзуруй «разамунддæттæг» бунати. Уæхæн фæтки фæстеугутæ уинетæ: уæхæн бунæттæ ахæсгутæ нæмæ, æцæгæйдæр, уоййасæбæл æгæр исберæ 'нцæ, æма дæ ходæ уотид ку фехсай, уæд уæхæн бунат ахæсгутæй уæддæр еуей раргъæвдзæнæ, фал багъæуаги ба си лæгигъæдæ равдесунмæ ефстæгтæй уæлдай неке исарæхсдзæнæй... Ци син кæнгæ 'й? Сæ бунæттæй соргæ, уæддæр си ести пайда кæми уа, уæхæн рауæнтæмæ!..

**Уæрæсей аййевæдти æскъуæлхт архайæг, Цæгат Иристони адæмон артист, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Дзиуати Гаврили фурт Анатолийи райгурдбæл 28 майи æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи (1946-2016).**

*Зундгонд америкаг дохтир-кардиолог Бернард ЛАУН (1921-2021) финста: «Мæлæтæй фæййервæзæн кæмæн неци хузи ес æма фæййагъаз кæнун ба мæ бон æгириддæр кæмæн нæй, уæхæн сæйги сæйгæдони бабæрæг кæнгæй ин е ‘нхъирдтæ уомæлгонд баз иннердæмæ рахатун, цæмæй æ сæр уæддæр уа лигъз, сатæг базæмбæрзæнбæл.*



Республикон клиникон сæйгæдони дохтиртæ æма хестæр медицинон хуæртæ, уæдта Тагъд медицинон агъази республикон клиникон сæйгæдони фельдшерти къуар хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ Уæрæсей Президенти Кади гæгъæдитæй. Еци хуæрзеугутæ син æрæги цитгин уавæри равардта нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйло.

# ÆНÆНЕЗ УНМÆ БА НИ КА НÆ БÆЛЛУЙ!..

Уонæй кæцидæртæбæл Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйло бæлвурдæй æрдзубанди кодта, æрæги Хецауади иуонгтæ, муниципалон скондти разамонгутæ æма æндæр республикон структурон ведомствити разамонгутæн ци урух æмбурд исаразта, уоми. Бæрнон косгутæй алкæмæн дæр комкоммæ бафæдзахста, аци къабази æнæкъулумпи куст райаразуни туххæй ци гъæуама æнхæстгонд цæуа, уой. Цæмæй уавæр кæрæй-кæронмæ бæлвурдгонд уа, уомæ гæсгæ ба Сергей Меняйло зæрдæ байвардта:

– Хæстæгдæр рæстæг бабæрæг кæндзæнæн алли сæйгæдонæ æма фельдшерон-акушерон пункт дæр, радзубанди кæндзæнæн сæ разамонгути æма уонæми еугур косгути хæццæ дæр.

Еудадзугдæр сагъæссаг адтæй æма нерæнгæ дæр ма ’й медицинон къабази косгутæн сæ мизд федуни фарста. Республики разамонæг ведомстви бæрнон косгутæн бафæдзахста, цæмæй æркæсонцæ, иннæ регионти еци фарста куд лухгонд цæуй, еци фæлтæрддзийнадæмæ æма си ци гæнæн æма амал ес, уомæй пайдагонд цæуа.

Уой хæццæ ба сæрмагонд æргом æздæхт æрцудæй уæлдай ахсгиаг фарстамæ – зингæ фæллæмбунæгдæр кæнун гъæуй адæми курдиæттæмæ цæстдард, алли курдиадæмæ дæр гъæуама гъæугæ хузи каст цæуа æма ин лæдæрд дзуапп лæвæрд цæуа, ци фарстати фæдбæл уонцæ, уонæй исаразуни равгитæ ке фæдбæл уа, е гъæуама æнæмæнгæ арæзт цæуа. Администраций сæргълæууæгæн байхæс кодта, цæмæй фæннивæбæлдæр кæна адæми курдиæтти хæццæ кусти фæткæ.

## СÆЙГИ Æ ТУХСТÆЙ КА ЕРВÆЗУН КÆНУЙ, Е УОМÆН Æ УОДИ ГАГА ÆЙ!..

Адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади фарстатæ нæмæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уобæл бæлвурд дзубанди цудæй, Сергей Меняйлойæн æрæги ци фембæлд адтæй нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Годжицати Тамерлани хæццæ.

Бæлвурд дзубанди цудæй «Тагъд медицинон агъаз»-и служби архайди, адæми льготон категоритæн лæвар хуастæ дæттуни, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази косгутæн мизд федун æма æндæр ахсгиаг фарстати фæдбæл.

Республики разамонæг æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади уагæвæрди æнæкъулумпи куст æй хецаудзийнади фарстатæн сæ сæйрагдæртæй еу. Уомæ гæсгæ фембæлди рæстæг, Сергей Меняйло ведомстви разамонæги æргом раздахта медицинон косгутæн гъæугæ хузи æма æнхæстæй мизд федуни фарстамæ. Республики разамонæг куд загъта, уотемæй арази нæй, медиктæн мизд ци фæткитæмæ гæсгæ фист цæуй, уомæй.

– Мæнмæ гæсгæ, медицинон косгутæн мизд федуни гъуддаги ес аййеппитæ. Медицинон косгутæн сæрмагонд уæлæнхасæн мизд федунцæ сæ профессионалон дæснидзийнадæ æма фæлтæрддзийнади, уæдта стажи туххæй. Уомæ гæсгæ ба аци æма иннæ фарстатæмæ лæмбунæгдæр æркæсун гъæуй. Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази косгутæн гъæуама фист цæуа аккаг мизд. Е хауй, куд разамонæг специалисттæмæ, уотæ астæуккаг æма кæстæр къæпхæни медицинон косгутæмæ дæр, – уæхæн адтæй æ гъуди Сергей Меняйлойæн.

Республики разамонæг ма профилон министри æргом раздахта, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази кусти фæдбæл адæмæй ци гъæститæ цæуй, уонæмæ дæр. Зæгъæн, тухст адæм ахид гъаст кæнунцæ «Тагъд медицинон агъаз»-и служби кустæй. Служби радхæссæг бригадитæмæ берæ хæттити багъæуй сахатгай æнгъæлмæ кæсун. Уогæ уой дæр зæгъун гъæуй, æма е алкæд уотæ уони фудæй нæ рауайуй – аци служби сагъæссаг фарстатæй еу е æй, æма си хуæдтолгитæ фагæ нæ ’нцæ. Æма еци уавæр, ци гæнæн æма амал ес, уомæй гъæуама растгонд æрцæуа æвæстеуатæй.

Нæкæси, Уæрæсей Президент Владимир Путин æрæги æ аллианзон Нистауæни зæрдæ байвардта, уомæй æма 2021-2023 æнзти регионтæмæ никкидæр ма æрвист æрцæудзæнæй тагъд агъази фондз мин хуæдтолги. Уой фæрци тагъд агъази хуæдтолгити парк æнæгъæнæй дæр уодзæнæй нæуæг.

Иннæ ахсгиаг фарста – агъазгъæуагæ адæмæн хуастæ дæттун. Сæйгæ адæмæн гъæуама афойнадæбæл æма æнхæстæй лæвæрд цæуонцæ гъæугæ хуастæ. Сæрмагонд æргом æздахун гъæуй, идарддзæф цæрæн рауæнтæмæ хуастæ куд хъæртунцæ, еци фарстамæ дæр.

## «ЕУГУР МЕДИЦИНОН КОСÆНДÆНТТÆ ДÆР ÆНÆМÆНГÆ БАБÆРÆГ КÆНДЗÆНÆН!..»

Мæнæ минкъий раздæр куд байамудтан, уотемæй Сергей МЕНЯЙЛО зæрдæ байвардта еугур медицинон косæндæнттæ дæр æхуæдæг ке бабæрæг кæндзæнæй, уони разамонгути æма косгути, уæдта, медицинон агъаз ци адæми гъæуй, уони хæццæ ке фембæлдзæнæй, уомæй. Æма æ фиццаг балцитæй еу адтæй Æрæдони районмæ, базонгæ ‘й райони Центрон сæйгæдони кусти хæццæ.

Зæгъун гъæуй уой, æма аци медицинон косæндонæ бундорон райарæзти фæсте нæуæгæй байгон æй 2019 анзи. Нуртæккæ сæйгæдони косунцæ авд хайади. Косæндони сæйгитæн ес 126 бунати. Уомæй уæлдай, сæйгæдони размæ косуй поликиникæ (еу сменæмæ си ес 300 адæймагемæн балæггадæ кæнуни фадуæттæ).

Сæйраг дохтир Моргуати Аслæнбег республики разамонæгæн лæмбунæг радзурдта сæйгæдони хайæдти кусти туххæй, дзуæппитæ ин равардта æ берæ фарстатæн. Сергей Меняйло радзубанди кодта, сæйгæдони хъан ка 'й, еци сæйгæ адæми хæццæ. Республики разамонæг сæ лæмбунæг фæффæрститæ кодта, цæбæл æй сæ тухст, цæйбæрцæбæл арази ’нцæ медицинон лæггæдти хуæрзгъæдæддзийнадæй, æма æндæр уæхæн гъуддæгутæй.

Аци медицинон косæндони фæстаг рæстæг ци нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæй, уонæй еу æй стоматологон къæбинет. Сæйраг дохтири дзубандимæ гæсгæ, уой байгон кодтонцæ мартъий. Æма нур райони цæргутæн фадуат ес медицинон полисмæ гæсгæ ами хуæрзгъæдæ стоматологон агъаз райсунæн (раздæр ба сæ фулдæр хæттити цæун гъудæй Дзæуæгигъæу æма æндæр рауæнтæмæ). Сæйраг дохтир ма куд баханхæ кодта, уотемæй къæбинети специалисттæ бакустонцæ сæ лæггæдти номхигъд фæффулдæр кæнунбæл дæр.

Мадзæлттæ арæзт цæуй медицинон косæндæнтти архайдмæ æндæр нæуæгдзийнæдтæ





Сергей МЕНЯЙЛО фембалдæй æма дзубанди кодта Æрæдони центрон сæйгæдони косгути, æма, ардæмæ медицинон агъази фæдбæл ци адæм æрбацудæй, уони хæццæ.

*Мæ бацуди фæсте ба, еци мæгур сæйгæ хаттæй-хатт медицинон хуæри æнæ бафæрсгæ нæ фæууодзæнæй: «Ка ’й еци хуарз дохтир?..» Уогæ ба цæйбæрцæбæл минкъий гъæуй тухст адæймаги, цæмæй æ уодæн фенцондæр уа... Уомæ гæсгæ ба сæйгитæ уæлдай арфиаг фæуунцæ, зæрдиагæй сæбæл ка ауодуй, еци дохтиртæй.*





Сергей МЕНЯЙЛО Октябригъæуи районон сæйгæдони.



Сувæллæнтти республикон сæйгæдони консультативон-диагностикон поликлиники.

бахæссунбæл дæр. Уотæ, хæстæгдæр рæстæг фæгъгъомусгиндæр уодзæнæй лабораторий техникон ефтонггадæ.

Республики разамонæгæн куд радзурдтонцæ, уотемæй сæйгæдони хуарз æмвæзадæбæл æвæрд æй хирургион служби архайд. Бунæттон специалисттæ уруxдæрæй пайда кæнунцæ нуриккон медицинон косæнгæрзтæй. Зæгъæн, аци анз хирургтæ, операцитæ кæнгæй, косун райдæдтонцæ лапароскопий фæткæмæ гæсгæ дæр.

– Нуриккон медицинон техники фæрци берæ операцити рæстæг хирургион кардæй пайда кæнун нæбал багъæуй, – загъта Моргуати Аслæнбег. Еци нæуæгдзийнæдти фæрци, ке зæгъун æй гъæуй, операций фæсте сæйгæ адæймаг берæ тагъддæр ислæууй æ къæхтæбæл. Уомæй уæлдай, бæлвурд куст цæуй травматологий хайади раздæри кадæ иснæуæг кæнунбæл дæр. Зæгъæн, нуртæккæ дæр еуæй-еу травматологон операцитæ кæнунцæ айдагъдæр мах сæйгæдони.

Инспекцион балцæн хатдзæгтæ кæнгæй, Сергей Меняйло куд баханхæ кодта, уотемæй районти еугур сæйгæдæнтти дæр гъæуама уа компьютерон хе томограф. Æ гъуди адтæй:

– Нуриккон медицинон косæнгæрзтæ сæйгæдони ку нæ уа, уæд æ архайд ахедгæ хузи нæ уодзæнæй, лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнадæ дæр рæстæги домæнтæн дзуапп нæ дæтдзæнæй. Уой лæдæргæй, фиццаградон æргом раздахун гъæуй, цæмæй районти сæйгæдæнттæ дæр идарддæр ефтонггонд цæуонцæ гъæугæ нæуæг техникæй. Ке зæгъун æй гъæуй, республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази иннæ лухкæнуйнаг фарстатæбæл дæр куст цæудзæнæй еудадзугон фæткæмæ гæсгæ. Айдагъдæр гъе уотемæй медицини къабази архайд уодзæнæй адæми пайдайæн.

## СÆЙГÆДОНИ КУСТ ГЪÆУАМА ÆГИРИДДÆР МАЦИ ХЪОР КÆНА!..

Сергей Меняйло бабæрæг кодта Горæтгæрон район дæр, æма æ балций рæстæг сæйраг æргом раздахта æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади косæндæнтти æнæкъулумпи архайдмæ. Бабæрæг кодта райони Центрон сæйгæдони еугур хайæдтæ дæр, исбæлвурд кодта фæлгонцади фæткæ дæр. Аци медицинон косæндони коллективи минæвæртти хæццæ фембæлди рæстæг дзубанди цудæй сæ кусти ци лухкæнуйнаг фарстатæ ес, уонæбæл дæр. Зæгъæн, сæйгæдони косгути дзубандимæ гæсгæ, сæ мизд син федунцæ æртæ къæпхæнемæй – еци æууæлæй медиктæ арази нæ ’нцæ æма ракурдтонцæ, цæмæй еци фæткæ æййивд æрцæуа. Сергей Меняйло профилон ведомствити разамонгутæн байхæс кодта, цæмæй мизд федуни фæткæ федар кæнгæй, еудадзугдæр нимад цæуонцæ коллективи минæвæртти фæндæнттæ дæр. Уой хæццæ, республики Сæргълæууæг еума хатт фæббæрæг кодта: æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ æма ахуради къабæзти косгутæн мизд федуни системæмæ æййивддзийнæдтæ хаст æрцæудзæнæй, æ фæнниваебæлдæр кæнуни нисани хæццæ.

Сæйгæдони разамунд æма специалисттæ ма сæ зæгъуйнæгтæ загътонцæ сæ кусти æндæр лухкæнуйнаг фарстати фæдбæл дæр. Зæгъæн, нури эпидемиологон уавæрмæ гæсгæ сувæллæнтти хайади рæстæгмæ бунæттæ радех кодтонцæ коронавирусæй сæйгитæн. Уомæ гæсгæ, агъазгъæуагæ сувæллæнтти райони цæрæн рауæнтæй нуртæккæ ласун багъæуй сувæллæнтти республикон клиникон сæйгæдонæмæ. Еци сагъæссаг уавæрбæл дзоргæй, сæйгæдони сæйраг дохтири ихæстæ æнхæстгæнæг Нанити Аскер куд загъта, уотемæй, пандемийи гъомусадæ ку фæннидæн уа, уæд сувæллæнтти хайадæ нæуæгæй косун райдайдзæнæй æнхæстæй æма æнæкъулупийæй.

Сæйгæдони хайæдтæбæл æрзелгæй, Сергей Меняйло еуæй-еу феппайуйнæгтæ бахаста косæндони техникон ефтонггадæмæ. Зæгъæн, реанимаций хайади рæугутæбæл тауæггурæ зелдохгæнæн аппараттæ разиндтæй айдагъдæр дууæ, уонæй дæр еу нæ куста. Республики разамонæг профилон ведомстви минæвæрттæн бафæдзахста, цæмæй аци æма иннæ аййеппитæ æвæстеуатæй райеуварс кæнонцæ.

## СÆЙРАГДÆР ИХÆС – АДÆМÆН ГЪÆУГÆ ХУЗИ ÆНХÆСТÆЙ ЛÆГГАДÆ КÆНУН...

Сергей Меняйло бабæрæг кодта Дигори райони централон сæйгæдонæ дæр. Æрзилдæй си еугур хайæдти дæр æма сæйгæ адæм кæми ’нцæ, еци уæттæбæл дæр, æркастæй аци медицинон косæндони техникон гæнæнтæ æма равгитæмæ, ами косæг медицинон персонали фадуæттæмæ, радзубанди кодта, абони си ке дзæбæх кæнунцæ, еци сæйгити хæццæ. Бафарста сæ, цæйбæрцæбæл зæрдæмæдзæугæ цæстдард сæмæ цæуй, уомæй дæр.

Сæйгæдони разамунди хæццæ дзубандий рæстæг Сергей Меняйло исбæлвурд кодта, ами косæг коллективæн зæрдæдзоргæ ци аллихузон фарстатæ ’нцæ, уони.

Сæйгæдони сæйраг дохтир Сæбанти Нелли куд загъта, уотемæй капиталон исцалцæг кæнуйнаг æнцæ интенсивон терапий уат æма хуæруйнæгтæ цæттæгæнæн блок. Дохтиртæ куд баханхæ кодтонцæ, уотемæй сæмæ нæ фагæ кæнуй нæуæг нуриккон ефтонггæрзтæ, хъæбæр ахсгиагæй сæ нуртæккæ гъæуй наркозонуолæфæн аппарат æма тоги биохимион анализатор. Уой хæццæ ба ма гъæуй сæрмагонд фæрæзнитæ, истæн кæмæн нæййес, еци сæйгитæ æма инвалидтæ ласунæн. Сергей Меняйло син зæрдæ байвардта, еци æнæмæнгæ райаразуйнаг фарстати туххæй син фæййагъаз кæнунæй. Аци сæйгæдони медицинон косгути фембæлди рæстæг дзубанди цудæй адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади нуртæккæ æвæстеуатæй райаразуйнаг фарстати фæдбæл.

Республики разамонæг куд баханхæ кодта, уотемæй, фиццаги-фиццагидæр, исаразун гъæуй аци къабази гъомусгин системæ. Дзубанди цæуй уобæл, цæмæй медицинон агъаздзийнадæ дæттуни хецæн хузти специализаци агъазиаудæр пайдахæссæг хузи дехгонд цæуа республики сæйгæдæнтти медастæу.

Адæмæн дæсни æма бæрзондтехнологон æгъдауæй агъаз кæнуни нисанеуæгæй районтæ гъæуама федаргонд уонцæ бæлвурд сæйгæдæнттæмæ. Зæгъæн, Дигори райони центрон сæйгæдонæ æнхæст кæндзæнæй хирургион æгъдауæй æхсæнрайонон ихæстæ. Сæйраг дохтиртæ гъæуама сæ медастæу баунаффæ кæнонцæ, ка си æхемæ кæци ихæстæ райсдзæнæй, уобæл. Нæ сæйраг ихæс ба æй еу – адæми бон цæмæй уа æнцонæй медицинон агъаздзийнадæй испайда кæнун æма уонæн лæггадæ кæнуни хуæрзгъæдæдзийнадæ гъæугæ хузи бæрзонд уа.

Фембæлди кæронбæттæни Сергей Меняйло сæйгæдони косгутæн райарфæ кодта се 'мзæрдæ-æмвæндæ фæллойнæ æма сæйгæ адæмæн æновудæй лæггади туххæй.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ.***





Сергей МЕНЯЙЛО Дигори райони сæйгæдони дæр фембалдæй æма дзубанди кодта, ами ци сæйгитæ дзæбæх кæнунцæ, уони, уæдта аци медицинон косæндони косгути хæццæ.

***Тугъд ку фæцæй, уæд майор ДЗИЛИХТИ Михал нисангонд æрцудæй немуцаг сахар Хайлигенштадти æфсæддон фиццаг комендантæй. Æ имисуйнæгти куд финста, уотемæй уоми цæргутæ тарстæнцæ советон æфсæддонтæй, гъома, ести æбуалгъдзийнæдтæ син араздзæнæнцæ: «Хъæбæр зин адтæй хумæтæг немуцæгти зундирахаст исраст кæнун...***



# ДЗИЛИХТИ ИНÆЛАР



**ЦÆГÆРАТИ Максим,**
(1916-1990)
Цæгат Иристони адæмон финсæг

Хайло исистадæй, æ уæраги сæрти уæнгæ денгизи бацудæй:

– Мæнæ мæбæл аци дамугъа дæр уæдæй фæстæмæ байзадæй. Мини схъес адтæй æви топпи нæмуг – магъа, – æ цубур хæлафи кæрæнтти хуæдфарсмæ ци тарбун сурх нос зиндтæй, уомæ байамудта инæлар.

– Сталингради бунмæ ку фембалдан, уæд мин дæ полкки туруса дæ уæле тухт ке адтæй, уой куд не 'сгъæр кодтай!

Хайло æ медбилти бахудтæй:

– Æма ма нæ уомæ евдалдæй. Нæбал гъуди кæнис, нæ алливарс бæстæ куд сугъдæй, уой? Нæ сæр кæми фæтътъунстайанæ, е дæр нин ку нæбал адтæй.

– Гъо, уомæй раст зæгъис. Ескæд ма уой æнгъæл адтан, æма дæс æма инсæй анзей фæсте денгизи билæбæл баддзинан.

– Раст зæгъун гъæуй, бустæги æнамонд нæ разиндтан, – загъта Хайло æма æ хабæрттæ идарддæр кодта. – Гъо, æма дин уой дзурдтон. Немуц, æвæдзи, сæ кеми æрцудæнцæ æма нæбæл аллирдигæй никкалдтонцæ. Уæдмæ сæумæ 'рдæмæ нæхеуæнттæ нимпурстонцæ. Одери билгæрон æнсувæрон ингæни байвардтан нæ тугъдон æмбæлтти.

Инæлар æ дзубанди фæцæй, арф ниууолæфтæй. Денгизи уолæнтæмæ æдзинæг кæсгæ байзадæй. Неци имæ исдзурдтон. Еу гъуддаг мæ деси æфтудта: æхе туххæй си еу æппæлæн дзурд дæр не 'схаудтæй. Айдагъдæр æфсæддонтæ...

Хор нæ тæккæ сæрмæ ниллæудтæй, æнæвгъауæй сугъта. Расул æма æ иуазгутæ минкъий раздæр рандæнцæ.

– Дæ кустæй дæ бакъулумпитæ кодтон. Ме 'фсæрмæй бадис, – хатир корæгау загътон æз.

Хайло бахудтæй:

– Аци бон сабат æй, æвæдзи, æма ди е феронх æй?..

– Феронх æй, – исарази дæн æз.

### ФÆСТАГ ФЕМБÆЛД

Пятигорск. Санатори. Ноябри фиццаг бæнттæ. Уазал думгæ. Уазал уарунтæ. Бестауи сæрмæ ауигъдæй лæуунцæ бæзгин сау мегътæ нур цалдæр бони. Телевизормæ кæсунæй хуæздæр амал ци ес уæхæн дзамани? Æма бадæн фæлладуадзæн уати. Æхсæвæри фæсте кæсæн телевизормæ. Кафунцæ, зарунцæ циуавæрдæр хуæдахур артисттæ. Се 'змæлдбæл цæстæ нæ хуæцуй.

Уæдмæ телевизори экранбæл фæззиндтæй нæуæг кинонивæ. Кинониви райдайæни финст адтæй: «Аци кинонивæ арæзт æй Стъараполи крайи сабурдзийнади фарсхуæцгути туххæй». Идарддæр – кинонивæбæл ка бакуста, уони муггæгтæ, никки поезди ка рабалци кодта, еци стъарапойлаг зундгонд адæймæгути нæмттæ, хецæн коллективти номхигъдтæ. Уæдта – поезди комиссар, гвардий инæлар-майор, сабурдзийнадæ гъæуайгæнгути активондæр архайгутæй еу Дзилихти Бæбуй фурт Михал»...

Æхцæуæн мин куд нæ адтайдæ, мæ рагон æрдхуард, мæ гъæуккаг Хайлой туххæй си ку бакастæн, уæд. Телевизормæ никки æдзинæгдæр никкастæн.

Скъæруй поезд, гæбар-губур кæнуй. Фæстæмæ ледзунцæ гъæди къохтæ, гъæутæ. Идард кæцæйдæр зиннунцæ хъуæцæкалгæ трубатæ. Вагони къæразгæй кæсуй халассæр инæлар. Думгæ ин гъазуй æ бæзгин сæригъунтæй. Хорсугъд, ефстагмæ æнцъулдтæй æндæр кæбæл нæма ес, еци хуæрзконд цæсгон. Сау бæзгин æрфгутæ. Губургомау фий. Кæсуй. Цума будурти цидæр агоруй... Ниллæг æруадзуй е 'рфгутæ. Фæкъкъех уй.

Цæбæл? Цæбæл гъæуама гъуди кæна уæхæн сахатти тугъдон лæг? Ке зæгъун æй гъæуй, тæккæ фиццаг, æ тог æнæвгъауæй кæбæл никкалдта, еци зæнхи федæни хъисмæтбæл. Уомæн рараст æй аци кадгин балций дæр.

Фестъæлфуй инæлар æ медбунати. Цума æ фунæй райгъал уй, уоййау рауу-æрдуй æ цæститæ.

Тæхуй, скъæруй поезд. Еу хузæ инней æййевуй. Мæнæ купей бадуй нæ зундгонд инæлар. Æ алливарс – æхе кари нæлгоймæгтæ сæ тугъдон хуæрзеугути хæццæ. Æхцæуæнæй дзубанди кæнунцæ цæбæлдæр. Киеви вагзал. Сабурдзийнади фарсхуæцгути митинг. Вагзали фæзи адæмæй къохбагæнæн нæййес. Дзубанди кæнуй Дзилихти инæлар.

Никкидæр бабæй митинг. Нур ба Прибалтики... астæуккаг Уæрæсей горæттæй еу. Цæнхæ æма кæрдзини хæццæ рацудæнцæ адæм стъарапойлæгти размæ. Уоми дæр зæрдиаг дзубандитæ, арфитæ. Еугонд Нацити Ассамблеймæ, Америки хецауадæмæ ке рарветдзæнæнцæ, еци мингай къохфинститæ – тугъди азар æхе уодбæл ка бавзурста, уони карз тæрхон тугъд æма тугъдæндзаргути нихмæ. Еци мингай советон адæймæгути хæццæ адтæй ирон инæлар Дзилихи-фурти къохæвæрд дæр.

Ци 'й римæхсон, сæрустур адтæн, Хайломæ уæхæн устур кади радæ ке æрхаудтæй, уомæй. Æцæгæйдæр Дзилихифурт адтæй еци кади аккаг. Стъараполи крайи раздæри æфсæддон комиссар... зудтонцæ 'й, кадæ ин кодтонцæ æ лæгдзийнадæн, æ ездондзийнадæн...

Фæцæй кинонивæ. Æнафонæ ке адтæй, уой гъуди дæр нæбал æркодтон. Исистадтæн æма телефонæй бадзурдтон Хайлой фатермæ. (Хайло фæстаг цалдæр анзи цардæй Пятигорски).

– Нæ дæ райгъал кодтон? – ниллæг гъæлæсæй æй бафарстон.

– Уанцон нæй! – бахудтæй Хайло. – Нурма мæ тезгъо кæнунмæ дæр ку нæма райевдалдæй.

– Телевизормæ кастæ?

– Кастæн уомæ дæр...

– Мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй. Арфæ дин кæнун.

– Цæй туххæй? – фæддес кодта Хайло.

– «Сабурдзийнади поезди» туххæй.

– Æз ба зæгъун... Мах ба не 'фсийни хæццæ æндæр кинонивæмæ кастан. Уой зонгæй... – æма æ бийнойнаг Оляйæн гъазгæй загъта. – Нæ «поезд» бабæй рандæ 'й... Мах ба циуавæрдæр уарзæнттæмæ кастан...

Дагестани фæсте Хайло куста Стъараполи крайи æфсæддон комиссарæй фондз анземæй фулдæр. 1976 анзи æртинсæйанздзудæй рацудæй æфсади рæнгъитæй. Рацудæй... Е бустæги уотæ нæй. Æрцардæй æ бийнонти хæццæ Пятигорски. Уайтæккæ дæр бацудæй партий горкоммæ. Æма раздæри хузæн ранигъулдæй скъоладзаути тугъдон-спортивон гъæзтити. «Зарница»-йи разамонæг, лекцитæ кæсæг... Уæдта профилактори «Дубрава»-йи хецау. Пятигорски кадгин цæргутæй еу.

Анзи размæ цалдæр хатти исæмбалдтæн æ хæдзари дæр. Фæууидтон, Германий ин немуцаг æвзагбæл ци киунугæ рауагътонцæ, уой дæр. Цæветтонгæ, тугъди хуæдфæсте Хайло куста Хайлигенштадти горæти фиццаг советон комендантæй. Мæйдар æхсæвти дæр æ рохс идардмæ кæмæн æрттивта, æфхуæрд æма тарст зæрæндтæ, стонг сувæллæнттæ нифси, рæвдуди дзубанди кæми игъустайуонцæ, сæ федæнбæл сæ ка æууæндун кодта, уæхæн адтæй еци уæззау бæнтти советон комендатурæ. Адтæй уæхæнттæ дæр, нæ комендатурæй идæрдти ка лигъдæй, знаги цæстæй имæ ка кастæй. Исарæхсун гъудæй уони хæццæ дæр, бауæндун сæ кæнун гъудæй нæ рæстдзийнадæбæл. Æма еци устур бæрни бацудæй уæд Дзилихти майор не 'фсади, нæ адæми номæй.

Ниффинста, еци бæнтти æхе цæстæй ци фæууидта, æ удбæл ци бавзурста, уони. Зæрдæй, кæдзос æнкъарæнтæй киунугæ асæй устур нæ рауадæй, фал – гъудитæй æнхæст. Киунугæн æ еу хай мухургонд æрцудæй журнал «Мах дуг»-и. Дуккаг бон фæсрæфтæ, куддæр мæ уатмæ бахизтæн, уотæ дуар æрбахуастонцæ.

– Хестæр дохтир дæмæ дзоруй, – дуарæй æ сæр æрбадардта æригон кизгæ уорс халати.

Сæйраг дохтир, рацæргæ саулагъз силгоймаг, телефонæй кедæр хæццæ игъæлдзæг дзубанди кодта, мæн æрдæмæ æрбакастæй æма загъта:

– Де 'рдхуард кæд естæмæй гъаст кæнуй, уæд мæбæл æй ма баримæхсæ.

Хæтæл райстон, фæрсун æй:

– Кæми айтæ, дæ хуарзæнхæй? Кустæй, хæдзарæй уин иссерæн ку некæми бал ес...

– Цидæр гъуддæгути туххæй рауадтæн. Игъосис, макумæ рандæ уо. Æхсæз сахаттебæл дæмæ зиндзæнæн.

Оляй амæнтæни уæлгъос æрбаййафтон. Хайло æй ходæзмолæгæнгæй рафарста:

– Куд æй, не 'фсийнæ, дæ цихт фæррæстмæ 'й?

– Кæд мæ къеретæ уæ зæрдæмæ фæццæуонцæ, уæд – фæррæстмæ 'й. Цидæр игъæлдзæг мæмæ кæсис аци изæр?!

– Мæ киунуги къохфинст фæдтæн. Абони 'й рарвистон Дзæуæгигъæумæ, – Оляй усхъæ æрхуаста Хайло. – Фæндараст ин зæгъун гъæуй, нæ? Максимæн ба æ къох лæгъуз нæй. Е ин фæндараст ку зæгъа, уæд хуæздæр нæ уодзæнæй?

– Уодзæнæй, – исарази æй Оля.

Медæмæ игон дуарæй дзæбæх игъустæй Оляй игъæлдзæг дзубанди.

– Нæ лæги цъухæй «фæндараст» исхауæд, æндæр мæ зæрдæ баресуй. Кæмити нæ фæррахауæ-бахауæ кодтан, кæмити нæ бамедæг ан! Мæ уат æфснайд нæма фæууинæ, мæ синхæгти зонгæ дæр нæма бакæнинæ, уотæ мæ уæлгъос æрбалæууидæ: «Оля, тагъддæр, рафæндараст мæ кæнæ...» Æма бабæй фæстæмæ еци чумадантæ... Æд сувæллæнттæ... мæхенимæр дес дæр фæккæнун, куд син ниффæразтон.

– Уарзондзийнадæ, – бахудтæн æз.

– Раст зæгъис. Е мæ ку нæ цирен кодтайдæ, уæд, æхуæдæг ме 'вдесæн, еу хъур-хъур дæр некæд искодтон. Айдагъдæр хебæраги ку райзаинæ, уæд мæ туппуртæ исуадзинæ. Фæсмон мæмæ некæд æрцудæй. Мæ хъисмæтæй некæд рагъаст кодтон. Уæдта, бахатир кæнæ, фал ма мæмæ еу амонд кастæй: тугъди размæ нæ фембалдан. Æндæр... Хъæбæр мæтæ кодтайнæ.

Оля ми дуккаг хатт хатир ракурдта.

– Мæ дзубандитæбæл мин ма фæхходæ. Æндæр ескæмæн сæ нæ радзурдтайнæ...

– Зонун æй... Ме 'рдхуард хийнæ æма налат æй. Æвæдзи æй зудта, Зæнгиати дзæбæх кизгæ æ мæтæй ести ку кæна, зæгъгæ, æма дæмæ цалинмæ тугъд фæцæй, уæдмæ кауи зихъирæй дæр некæд бакастæй, – гъазæнхузи загътон æз.

Хайло мæ фарс фæцæй:

– Æ амонд адтæй æма мæ тугъди рæстæг ацирдæмæ нæ райевдалдæй. Раст зæгъун гъæуй, Æрæдони Зæнгиатæмæ уæхæн кизгæ ес, уой ку зудтайнæ, уæд имæ мæ уæргутæбæл дæр фæббурдайнæ. Мæ цæфтæ дæр нецæмæбал æрдардтайнæ.

– Еци дзубандитæ мин нури уæнгæ куд некæд ракодтай? – ниххудтæй Оля.

– Сосæг зар гъæрæй неке кæнуй, Оля, – дзуапп равардта Хайло æма мæн æрдæмæ æрбакастæй. – Уотæ нæй?..

Æз мæ сæр аразий тилд бакодтон.

– Æма 'й мадта ду дæр уотæ сосæггай уомæн зарис? – æ ходун райгъустæй Оляйæн.

– Ардигæй дзурд ка фæххæсса, уæхæн нæййес...

Дессаг æй бийнонти цард. Айдагъдæр цалдæр дзурди, æрфуги еу фезмæлд... Æма хахуртæ рацæуунцæ бийнонти царди сосæгдзийнæдтæбæл.

Оля æма Хайло... Цал хатти фембалдтæн сæ хæдзари, цал хатти исахустон сæ

**Кæрон.**
**Райдайæн 18-аг номери.**

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, зундгонд ирон поэт æма тæлмацгæнæг, Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæг Дарчити Гаврили фурт Дауити райгурдбæл 29 майи æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1911-1989).**

*Фал, цидæр адтæй, уæддæр æрсастæнцæ. Уомæн æма советон æфсæддон разиндтæй, гитлеронтæ си куд дзурдтонцæ, уæхæн нæ, фал æцæг адæймаг – зæрдхæлар æма цæстуарзон. Æма ибæл немуцаг адæм æууæндун байдæдтонцæ, фæстæдæр ба ин бронзæй агъазиау циртдзæвæн дæр ма исæвардтонцæ Берлини Трептов-парки...»*



цæнхæ æма кæрдзинæй. Кæддæриддæр мæмæ уотæ кастæй, цума кæрæдземæн райгурдæнцæ, цума æнæ сæ кæрæдземæй сæ цард федаугæ дæр не 'скодтайдæ. Куд фæззæгъунцæ, еуæй-еу хатт ма тæбæгътæ дæр базмæлунцæ. Ка 'й зонуй, æрцудæй се 'хсæн дзубандитæ дæр. Æрмæст сæбæл æз некæд фæггурусхæ дæн. Некæд неке цæсти бафтудтонцæ сæхе. Е ба æнцон нæй. Æрдзæй рахæсгæ ездондзийнадæ ин гъæуй. Æма нуртæккæ гъазгæй цæбæл дзурдтонцæ, етæ гурусхаг нæ адтæнцæ.

Оляй фингæмæ, куд фæззæгъунцæ, мард дæр рабадтайдæ. Куд нæ раппæлдтайанæ уæхæн фингæй. Уæлдайдæр æз, санаторий хуæруйнаги фæсте.

– Нарти Сатанайæй мæ дессагдæр ку фæккодтайтæ. Раст зæгъгæй, хуæруйнаг кæнунбæл зæрдиагæй ку фæййархайун, уæд мин ести гъæуагæ æнæ рауайгæ нæ фæууй.

– Куддæриддæр гъæуй, уотæ 'нцæ, – цума дзубанди бакодтан, уоййау æмгъæлæсæй загътан Хайлой хæццæ.

– Мæ мадæ мин цæнхи туххæй еу хабар ахид дзоридæ. – Лæг, дан, гъæдæй фæлладæй æрцудæй. Хъæдори къос ин æ рази æрæвардтонцæ. Лæг си еу хупп искодта æма силгоймæгтæмæ дзоруй: «Цæнхæ нæмæ нæййес?» Силгоймæгтæ кæрæдземæ бакастæнцæ, хъæдорæбæл цæнхæ ку никкодтан, зæгъгæ, фал лæгæн цæнхæ рахастонцæ. Е си æ арми дзаг исиста, къоси æй никкодта æма тузмæгæй загъта: «Е ба си мадта мæ харзæй». Уоййадæбæл æ фингæ ниууагъта.

– Оля, цийфæнди карз æмбесæндтæ нин ку фæккæсай, уæддæр мах нæ дзæбæх фингæ нæ ниуувадздзинан... Дæ зæрдихудти нæ бацæуудзинан.

Фингæ мийнасæй фингæ 'й. Фингæ игъæлдзæгдзийнадæй, уарзон дзубандитæй, рæсугъд имисуйнæгтæй фингæ 'й. Раст уæхæн рауадæй мах фингæ дæр Дзилихти фатери.

Æз уотæ дзурдмондагæй некæдма фæууидтон Хайлой. Гъуди дæр ке нæбал кодтон, еци кæддæри цаутæ ба мин мæ зæрдæбæл æрлæууун кодта. Сауæнгæ листæг гъуддæгути уæнгæ. Алагири бунмæ Худзухи зæнхитæй райдайæ, Црауи сæрмæ Хъабагъуати бамедæг уо, æ фидæ Бæбу цалдæр анзи бригадирæй ци халсарти бригади фæккуста, уордæмæ. Кæддæр нин Ходи сæрмæ Айларти зæнхгæс нæ цæвгутæ куд байста æма ин сæ æхсæвигон æ уосонгæй куд радавтан, еци æхсæвæй фæстæмæ уосонги рæзти цæун ку нæбал æндиудтан... Уæдта бабæй нæуæгæй нæ райдайæн скъола. Фурбоцæй Битарти Евгени академи ке худтан, уой. Не 'мбæлттæ, нæ фудаг миутæ...

– Евген нæ скъолайæй ку ратардта, е ба? Гъуди ма 'й кæнис? Скъолай азгъунсти сæр ку ниллухтæ кодтан...

– Гъо, куд нæ, – дзуапп равардта Хайло æма Олямæ бакастæй.

– Цæветтонгæ, мартъий фæстаг бæнтти нæ Евген цалдæр биццеуемæй скъолай сæрмæ исхезун кодта. Уордигæй меттæ калдтан. Мет еуæй-еу рауæнти ниййех æй. Белæй ин нæ бон неци адтæй æма нæмæ фæрæттæ ислæвардтонцæ. Мах Хайлой хæццæ æцæг лæгти хузæн февналдтан, ех фæрæттæй карстан. Скъолай æмбæрзт сæрæн ницъцъæстæ кæнунæй тæссаг ке адтæй, е нæ гъудий дæр нæ адтæй. Уайтæккæ скъолай сæр ракæдзос кодтан. Евген нæ раппæлдтæй. Айдагъдæр дуккаг бон... Кълæстæмæ бацæуæн нæбал адтæй. Тугуртæй дон мизтæй нæ дууей фудæй.

– Цæмæн уæ дууей? – цæмæдесæй рафарста Оля.

– Цалдæр рауæнеми нæ фæрæттæй байервазтан æма никкарстан скъолай сæр, – дзуапп равардтон æз. – Евген цæф арсау гъæрзтæй. Дууæ бони скъолай къæсæрæй бакæсун дæр нæбал æндиудтан. Нæхемæ дæр хъур-хъур кодтонцæ, уæ сæртæ кæми адтæнцæ, зæгъгæ. Уæдта мæ фидæ Микъо кæцæйдæр песе (смола) æрбаласта. Бабуй хæццæ 'й ниттайун кодтонцæ. Байсарстонцæ си скъолай сæр. Мах дæр сæмæ Тулатти Агубей хæдзари тегъæй сосæггай кастан æма нæхенимæр цийнæ кодтан. Нæ ахургæнæг Мария Николаевнæ Дзапаридзе кæцæйдæр æрбацудæй æма нæ æ хæццæ ракодта. Евгени рази æрлæудтан. Еуцæйбæрцæдæр е неци исдзурдта, уæдта нин уотæ: «Сæр айдагъ ходæ дарунæн нæй. Сæр Хуцау гъуди кæнунмæ равардта...»

«Фæррæдудæнцæ», – нæ сæрбæл рахуæстæй Мария Николаевнæ.

Евген æнæбари бахудтæй.

– Фæррæдудæнцæ... Æма уæд сæ кæрæдзей æдули сæртæмæ куд нæ фæррæдудæнцæ?

– Ниххатир син кæнæ... Ахур лæгъуз нæ кæнунцæ, – загъта бабæй Мария Николаевнæ.

– Уони карæнæй мах гъæддзаутæ адтан...

– Не 'ригон ахургæнæги нихмæ æ бон неци адтæй не скъолай тузмæг хецауæн. Уомæн æма...

– Уомæн æма хъæбæр ихæсгин адтæй еци къæсхуртæ, саулагъз гурдзиаг кизгæй... – æ дзурд багæлста Хайло.

– Æма куд нæ, кæд æма 'й мæлæти цъухæй байста.

– Игъосæ, Оля, Алагири ци бæгъатæр силгоймæгтæ адтæй, уонæй айдагъдæр еуей хабармæ, мæнæ мах хузæн фудаг лæхъуæнти æ еу къохæй цардмæ ка ракодта, уой хабæрттæмæ, – æхе нæбал бауорæдта Хайло æма дзорун райдæдта:

– Нæудæсæймаг анзи уорсгвардионтæ Алагирмæ ку æрбампурстонцæ, уæд сæмæ кадæр цъух бахаста Евген, дан, сурхити хæццæ баст æй, зæгъгæ. Хъазахъаг афицер имæ скъолай дуармæ æхсаргард исласта. Уæлбæхæй имæ æвзедуй. Евген ин ку нæ састæй, уæд æхсаргард идард фæххаста. Гъа нур ниццæва, зæгъгæ, уотæ се 'хсæн февзурдæй æригон ахургæнæг Мария Николаевнæ. Æ галеу цонг хæрдмæ фелваста, ма ниццæвæ, зæгъгæ. Æхсаргарди æскъот... Æма кизги цонг зæнхи равзурдæй. Евген фæййервазтæй, фал Мария Николаевнæ æнæ цонгæй байзадæй. Æхе еунæг кизги хузæн æй рæвдудта Евген æ базæронди бонмæ. Уæхæн хестæр нæ адтæй Алагири, Мария Николаевнæн æ ходæ ка нæ исистайдæ, уомæн арфæ нæ ракæнгæй æ рæзти ка рахизтайдæ. Кæстæртæ ба, кæстæртæ... Нæ фæткъути, нæ кæрдтути хуæздæртæй æй цох некæд ниуугътан. Тугъди фæсте Германий ку службæ кодтон, уæд Алагири райæнхæсткоммæ финстæг бæргæ ниффинстон, Алагири фиццаг райдайæн скъолайæн Мария Николаевни ном лæвæрд ку æрцæуидæ, уæд хуарз уидæ, зæгъгæ. Дзуапп мин неци равардта. Фехалдтонцæ зæнхахидæй скъола. Æ бунати ин исамадтонцæ устур бæстихай. Бæстихаййи бæрзонд фæрстæй еуебæл дæр финст нæййес, кæддæр æ бунати Алагири фиццаг скъола ке адтæй, е. Еу фæйнæги гæбазæ бакъуæрун ни неке сæр æрахæста.

– Æма Æрæдони ба? Ирон адæми рохсади фиццаг курдадзæ – семинарæй ци зæгъис? – ниуулæфтæй Оля.

Оля æ фингæ радзæбæхтæ кодта. Еуцæйбæрцæдæр ма нæ имисуйнæгтæ фæлмæн базурти æхцæуæн сур-сурмæ фегъустан, уæдта мæмæ Хайло æ косæнуатмæ фæдздзурдта. Стъоли лагъзæй исиста æ зæронд тетрæдтæ, æнахур фæлмæн гъæлæсæй загъта:

– Æцæг рагацау бадзубанди кæнæн, ке мæбæл нæ фæхходдзæнæ, уой туххæй.

– Уанцон нæй. Цæй туххæй? – загътон æз æма, ка ниббор æй, еци зæронд тетрæдтæбæл мæ цæстæ æрхастон.

– Æмдзæвгитæ... Нæхемæ сæ тугури мæ мади зæронд кири иссирдтон. Равзурстон, нискъудтæ сæ кæнон, зæгъгæ, уæдта мæмæ цæмæдæр гæсгæ æвгъау фæккастæнцæ. Нæуæгæй сæ рафинстон. Цидæртæ ма сæбæл рафтудтон. Еу-дууæ дин си бакæсон? Æцæг, куд загътан, уотæ...

Цалдæр мин си бакастæй. Раст зæгъун гъæуй, бустæги рæвдзæ нæ адтæнцæ. Фал æз еци сахат æмдзæвгити гъæуагæдзийнæдтæбæл нæ гъуди кодтон... Тугъдон инæлар æма æмдзæвгитæ... Етæ ма никкидæр еу æвдесæн адтæнцæ Хайлой кæдзосзæрдæн, æ ездондзийнадæн. Уонæн ба, æвæдзи, хумæтæги дзубандитæ фагæ нæ адтæнцæ, поэтикон æнкъарæнтæ син гъудæй.

– Райсæ сæ. Ку дæ райевдæла, уæд сæмæ æркæсæ. Зæрдæбæлдарунæн, – загъта Хайло æма мин мæ пъæлитой дзиппи е 'мдзæвгитæ нитътъунста. Сауæнгæ санаторимæ мæ хæццæ рацудæй. Уоми дæр ма еу сахатти бæрцæ фæллæудтан. Уæддæр нæ дзоруйнæгтæ дзурд нæ фæцан.

Санаторийæй нæхемæ цæуни хуæдразмæ бадзурдтон Хайломæ. Оля мин дзуапп равардта:

– Сæумæй ардæмæ имæ æнгъæлмæ кæсун. Æз ба, зæгъун, кæд дæумæ 'й. Циуавæрдæр анализти туххæй æй дохтиртæ сæ разæй искодтонцæ.

– Ести æй фæхъхъор кæнуй? – бафарстон Оляй.

– Уотæ неци...

– Вагзалæй ма имæ бадзордзæнæн.

– Хуарз. Нæхеуонти мин бафæрсæ, – фæлмæн гъæлæсæй загъта Оля. – Гъо, хæдæгай, фæдзахста ма, киунуги къохфинстмæ, дан, æ цæстæ фæддарæд. Дзурдтон ма вагзалæй. Хайло сæхемæ нæ адтæй.

14 декабри мæмæ Алагирæй Хайлой кæстæр æнсувæр Аслæнбегæй адтæй гъæргæнæг.

Рахъан æй Дзилихти федар мæсуг...

... Æрæгвæззæг. Листæг сæлфунæг кæнуй. Иригъæуи æртиндæсæймаг скъолайæй рахизтæн. Мæ над ракодтон Къостай уæлмæрдтæбæл. Бæлæстæбæл ма ци еугай сифтæ байзадæй, етæ уомæл зæнхæмæ хаудтæнцæ. Уазал думгæ кодта.

Уæлмæрдти бахезæни галеуæрдигæй Дзилихти инæлари бæрзонд циртдзæвæни уæлгъос баййафтон минкъийгомау къæсхуртæ нæлгоймаги. Æ пъæлитой æфцъæкъуатæ хæрдмæ хадт, æ цъæх уæлдзарм ходæ æ галеу къохи. Æ лæгун сæр æ реубæл æруагъта, уотемæй æдзинæг кастæй ингæни къæйдормæ. Цыртдзæвæни бунмæ бакъуар æнцæ нурма хуæрзæрæги ке æрбахастонцæ, уæхæн астрæ деденгутæ.

Лæг махæрдигон нæ адтæй. Æвæдзи мин ме 'нахур кæститæбæл фæггурусхæ 'й. Цума мæ хæццæ нæ, фал циртдзæвæнмæ дзурдта, уоййау ниллæг гъæлæсæй загъта:

– Душанбейæй дæн. Реданти санаторий мæ фæллад уадзун. Нæбал æй æрбаййафтон... Тугъди фæсте Германий еумæ службæ кодтан... Ардæмæ ку цудтæн, уæд Стъараполбæл мæ над ракодтон. Æз ма 'й уоми æнгъæл адтæн...

Дууемæй дæр нарæг гъæунгæмæ рахизтан. Иуазæг ма бафарста:

– Ду ба ин ка дæ?

Мæхе ин байамудтон. Е арф ниууолæфтæй æма бабæй еци ниллæг гъæлæсæй загъта:

– Æвгъау адтæй, хъæбæр æвгъау.

Уардта. Листæг сæлфунæг кодта. Еугаййæй æгъзалдæнцæ бæлæсти уæззау сифтæ.

***Май, 1987 анз.***




Нæ Фидибæсти номдзуддæр æфсæддон архайгутæй еу, ДЗИЛИХТИ Бæбуй фурт Михал райгурдæй 1916 анзи 20 майи сахар Алагири. Ами 1934 анзи каст фæцæй æнæнхæст астæуккаг скъола, уой фæсте – ба Цæгат Иристони педагогон институти рабфак. 1938 анзи Дзилихи-фурт ахур кæнун райдæдта Орджоникидзей Сурхтурусагин фестæгæфсæддон училищей, кæций каст фæцæй 1940 анзи æма æригон лейтенанти ами бауорæдтонцæ къурсантти взводи командирæй. Уæдмæ райдæдта Устур Фидибæстон тугъд, æма 1942 анзи июни æй иснисан кодтонцæ къурсантти роти командирæй æма уони хæццæ æрвист æрцудæй Сталингради алфамбулай архайæг æфсадмæ. Гъе утемæй райдæдтонцæ æ тугъдон карни нæдтæ. Дзилихи-фурт æхе бавдиста бæгъатæр тугъдонæй, дæсни æма хъæппæресгин æфсæддон разамонæгæй.

Устур Фидибæстон тугъди фæсте майор Дзилихи-фурт æвæрд æрцудæй горæт Хайлигенштадти (Германий Демократон Республикæ) фиццаг советон тугъдон комендантæй. Фæстæдæр ба Советон Æфсади рæнгъити разамунд лæвардта аллихузон фестæг æма моторизацигонд æфсæддон хæйттæн, сауæнгæ дивизий уæнгæ.

Дзилихи-фурт 1959 анзи фæсауонмæ каст фæцæй М.В.Фрунзей номбæл тугъдон академи. 1965 анзи Дзилихти Михалæн лæвæрд æрцудæй инæлар-майори цин. 1965 анзæй 1976 анзи уæнгæ инæлар-майор Дзилихти Михал куста Дагестани АССР-и, уæдта Стъараполи крайи æфсæддон комиссарæй. Исаккаг ин кодтонцæ сахартæ Сталинград æма Хайлигенштадти кадгин гражданини ном. Инæлар-майор Дзилихти Михал 1976 анзи рацудæй запасмæ.

Дзилихи-фурт хуарзæнхæгонд æрцудæй аллихузон паддзахадон хуæрзеугутæй: лæвæрд ин æрцудæнцæ Сурх Турусай орден, Фидибæсти тугъди фиццаг къæпхæни дууæ ордени, Сурх Стъалуй орден, «ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухти Райгурæн бæстæн служби кæнуни туххæй», берæ майдантæ...

Инæлар-майор Дзилихти Михал æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1984 анзи 14 декабри, байвардтонцæ 'й Дзæуæгигъæуи Ирон ковæндони тургъи пантеони. Дзилихти номдзуд инæлари берæ хъиамæттæ нæ Фидибæсти сæрбæлтау, æ берæ арфиаг гъуддæгутæ, æ рохс ном иронх нæ 'нцæ нæ дзиллæй, кадæгонд ин цæуй, æ ном хæссуй сахар Алагири гъæунгтæй еу...

**Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-майор Сиваков Иван Прокофийи фурти райгурдбæл 2 июни æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1901-1944). 1926-1932 æнзти службæ кодта Дзæуæгигъæуи фестæгæфсæддон скъолай.**

***Номдзуд философ Артур ШОПЕНГАУЭР (1788-1860) финста: «Кадæ аразгæ ’й, адæймаг иннети хæццæ ’й рабаргæй, ци хузонæй байзайуй, уомæй... Еугуремæй дæр устурдæр аргъ фæууй, алли уавæрти дæр æ меддуйне æнæйиивдæй кæмæн байзайуй, еци адæймагæн. Еу загъдæй кадæн æхецæн неци аргъ ес, фал адæймаг кади аккаг ци хузи иссæй, е æй æ рахуæцæн...»***






# ИМИСУНЦÆ БÆГЪАТÆРИ Æ РАЙГУРÆН ГЪÆУБÆСТÆ...

КУД АЛЛИ скъола, уотæ Уорсдони гъæуи астæуккаг скъола дæр сæрустур æй æ рауагъдонтæй. Уæлдайдæр ба, Фидибæстæбæл æновуд уогæй, уой кадæ æма намусæн ка фескъуæлхтæй, уонæй. Уонæн сæ еугурей туххæй бæлвурддæрæй радзорун дæр бæргæ æнгъезуй, фал нин нуртæккæ уæхæн равгæ нæййес. Нæ дзубанди абони æй, Райгурæн бæсти ихæслæвæрд æнхæст кæнгæй, агъазиау бæгъатæрдзийнадæ ка бавдиста, уонæй еуей туххæй... Мурити Владимири фурт Владикки туххæй.

Афганистани зæнхæбæл тугъди Советон Æфсади хæйттæ ку архайдтонцæ, уæд уордæмæ æрвист æрцудæнцæ Уорсдони астæуккаг скъолай рауагъдонтæ Хъарати Витали, Туати Аслæнбег, Диамбегти Эльбрус æма Мурити Владик дæр. Етæ хъазауатонæй исæнхæст кодтонцæ сæ тугъдон ихæс. Æртемæй си цардæгасæй исæздахтæнцæ бийнонти ‘хсæнмæ, цæрунцæ сæ райгурæн гъæуи. Фал, гъулæггагæн, Мурити Владик ба уодæгасæй нæбал исæмбалдæй æ фидиуæзæгбæл, бæгъатæрдзийнадæ равдесгæй, фæммард æй афгайнаг зæнхæбæл. Æ фæсмæрдæ ин исаккаг кодтонцæ цитгин хуæрзеуæг – Тугъдон Сурх Турусай орден.

Æ рохс ном иронх нæй æ райгурæн гъæубæстæй, еудадзуг æй имисунцæ, цитгин æй кæнунцæ. Æрæги ба æдзард бæгъатæрæн, ци скъолай ахур кодта, уой фарсбæл кадгин уавæри федаргонд æрцудæй номерæн мемориалон къæйдор фæйнæг. Аци мадзалмæ æрæмбурд æнцæ Мурити Владиккæн æ хеуæнттæ, усхъæйусхъæмæ ке хæццæ тох кодта, æ еци æмбæлттæ сахартæ Мæску æма Курскæй, æрбацудæнцæ нæ республики иннæ районтæй тугъдонтæ-интернационалисттæ, евгъуд 80-аг æнзти Владикки хузæн, интернационалон ихæс æнхæстгæнгæй, æ цард нивондæн ка æрхаста, уони хæстæгутæ дæр.

Скъолай ахурдзаутæ иуазгутæн зæрдиагæй райарфæ кодтонцæ, уæдта кезугай кастæнцæ афгайнаг тугъди туххæй финст æмдзæвгитæ, дзурдтонцæ нæ Фидибæсти анзфинсти еу хай ка иссæй, еци изол рæстæги цаути туххæй, имистонцæ, се ’мгъæуккæгтæ си хъазауатонæй куд архайдтонцæ, уой. Уæлдай бæлвурддæрæй ба си дзубанди цудæй Мурити Владикки бийнонти туххæй, уомæн е скъолай ахури рæстæги хабæртти, æ цубур, фал намусгин карни, 1982 анзи æ цард нивондæн куд æрхаста æ командири ервæзун кæнгæй, еугур еци цаути туххæй. Тугъдон-интернационалист Диамбегти Эльбруси фурт Геуæрги ба, Мурити Владикки кадæн е ’мтохгæнæг ци рæнгъитæ ниффинста, уони уоййасæбæл аййев æма зæрдибунæй бакастæй, æма, уонæмæ игъосгæй еугурей зæрдитæ дæр исхъурмæ ‘нцæ, сæ цæстисугтæ нæбал бауорæдтонцæ...

– Афгайнаг зæнхæбæл ци берæ тугъдонтæ фæммард æй, уони ‘хсæн æй нæ уарзон æмгъæуккаг дæр, – загъта скъолай разамонæг Айларти Оксанæ. – Абони æма исони фæлтæрти ихæс æй, бæгъатæрти лæгдзийнадæ зонун, зæрдæбæл дарун æма гъуди кæнун, цæмæй сæ рохс нæмттæ æностæмæ цæронцæ... Уадзæ æма Мурити Владикки цубур, фал намусгин цард махæн исуа дæнцæ. Афгани æма æндæр тугъдтити фудбæлахи цаутæ ба нæ адæмбæл макæдбал æрцæуæнтæ...

Мемориалон фæйнæг байгон кæнуни барæ лæвæрд æрцудæй Мурити Владикки æмтохгæнæг, мæскуйаг иуазæг Виктор Пучковæн æма 9-аг къласи ахурдзау Гиголати Марикæн. Фæйнæг ци æмбæрзæнæй æмбæрзт адтæй, уой æресгæй, цитгин мадзали архайгути цæстингаси размæ фестадæй æригон тугъдон... Хъæбæр зин æй, æ сорæт æностæмæ байзайдзæнæй къæйдорбæл, зæгъгæ, зæгъун, фал ци кæнæн...

Аци мадзал райзолдæр æй скъолай цитгин мадзæлттæ аразæн зали. Амудта ‘й Дигори райони афгайнаг тугъди ветеранти Цæдеси сæрдар Гамахарти Эрик. Тугъдонтæ-интернационалисттæ, уонæн сæ хеуæнттæ имистонцæ, еци тугъди рæстæг ка фæммард æй, сæ еци æмбæлтти рохс нæмттæ. Мурити Владикки туххæй сæ имисуйнæгтæ дзурдтонцæ æ хæццæ ка тох кодта, етæ. Зæрдхъурмæй ин æ цард æма ахури хабæрттæ кодтонцæ æ синхæгтæ, æ ахургæнгутæ... Зæрдæ байвардтонцæ уомæй дæр, æма ахури нæуæг анзи скъолай кълæстæй еуеми ке нивæрдзæнæнцæ бæгъатæри номбæл сæрмагонд партæ. Баддзæнæнцæ си хуæздæрти хуæздæр ахурдзаутæ.

Нæуæгæй бабæй си райгъустæнцæ Афганистани тугъди ка тох кодта, уонæн сæхе финст æмдзæвгитæ. Зæгъæн, Хъарман-Синдзигъæуæй тугъдон-интернационалист Салхъазанти Алик бакастæй æхе финст æмдзæвгитæ. Зæрдæмæгъаргæ зар «Исасодзетæ цирæгътæ» ку райзæлдæй, уæд зали адæм лæугæй, иссугътонцæ гъиги цирæгътæ.

Мадзали кæронбæттæни Дигори райони сæргълæууæги унаффæгæнæг Дзедати Ирбек æма муггаги минæвар, райони администраций граждайнаг гъæуайкæнуйнадæ æма æнæнгъæлæги цаути хайади сæргълæууæг Мурити Марклен райарфæ кодтонцæ аци арфиаг гъуддаг исаразгутæ æма архайгутæн, уæдта сæрмагондæй Къора-Уорсдонмæ бæгъатæри ном æримисунмæ иссæун æ сæйраг ихæсбæл ка банимадта, изолæй ка иссудæй, уонæн. Иуазгутæ дæр фусунтæн райарфæ кодтонцæ, зæрдиагæй сæ ке исиуазæг кодтонцæ, уой туххæй. Уой фæсте ба арвмæ исуагътонцæ дууæ æма инсæй уорс шари – æдеугурæй гъе уойбæрцæ фæццардæй рохс дуйнебæл уорсдойнаг бæгъатæр Мурити Владимири фурт Владик...

***Вероникæ ПАХОМОВА,***
***Дигори райони газет «Дигори хабæрттæ»-й сæйраг редактори хуæдæййевæг.***




Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1135.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 27.05.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**